

N Y L P I

New York Lawyers For the Public Interest, Inc.
161 West 30th Street, 11th Floor
New York, NY 10001-4007
Tel 212-244-4664 Fax 212-244-4670
TDD 212-244-3692 Email info@nylpi.org
Website: www.nylpi.org



151 West 30th Street, Fifth Floor
New York, New York 10001
Phone: (212) 947-9779
Fax: (212) 947-9790
E-mail: info@advocatesforchildren.org
www.advocatesforchildren.org

Sèvis Lang ak Edikasyon Espesyal Vil Nouyòk

Si ou se paran oswa gadyen legal yon timoun k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal oswa ki kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou gen dwa pou ede kreye ak chwazi pwogram edikasyon espesyal pitit ou. Si lang natif-natal ou pa lang Angle, ou gen dwa pou jwenn sèvis tradiksyon (mo ki ekri nan dokiman yo mete nan lang ou) ak sèvis entèpretasyon (mo yo pale epi yo mete nan lang ou) pou ou kapab konprann ak ede kreye pwogram edikasyon pitit ou.

Lekòl yo ak Komite pou Edikasyon espesyal (CSE) genyen responsablite pou tradui dokiman yo epitou pou yo asire entèprèt yo vini nan reyinyon yo ant paran yo ak manm Depatman Edikasyon vil Nouyòk (DOE). DOE gen obligasyon pou ofri ou sèvis sa yo epitou li pa kapab mande oswa fòse ou vini avèk yon moun pou entèprete pou ou nan reyinyon yo. Men, ou toujou kapab chwazi pou vini avèk yon zanmi oswa yon manm fanmi adilt pou entèprete pou ou nan reyinyon yo. Nan okenn sikonstans, DOE pa ta dwe itilize yon timoun kòm entèprèt.

TRADIKSYON

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki annapre yo nan lang natif-natal ou:

- **Avi konsantman pou evalyasyon:** Se yon lèt lekòl la dwe voye ba ou lè yo vle jwenn pèmasyon ou pou evalye oswa teste pitit ou pou yo konnen si pitit ou bezwen sèvis edikasyon espesyal.
- **Avi pou reyinyon:** Lèt sa a deziyen pou fè ou konnen genyen yon reyinyon ki pral fèt.
- **Rapò evalyasyon:** Rapò sa yo fèt ak rezilta egzamen DOE fè yo pou endike si pitit ou genyen andikap ki asosye ak aprantisaj epi ki kalite sèvis pitit ou kapab bezwen.
- **Dènye avi pou rekòmandasyon:** Lèt sa a deziyen pou fè ou konnen ki chanjman DOE planifye pou fè nan sèvis edikasyon espesyal pitit ou.
- **Pwojè akademik endividyèl (IEP):** Dokiman sa a dekri ki pwogram ak sèvis edikasyon espesyal pitit ou ta dwe resevwa.
- **Bilten oswa Rapò sou Pwogrè:** Dokiman sa yo eksplike fason pitit ou ap travay lekòl.
- **Avi pou Garanti Pwosediral** Dokiman sa a eksplike ki dwa ou genyen antan paran yon timoun k ap resevwa oswa ki kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal.
- **Akò pou Medyasyon:** Se yon akò legal ki fèt apre yon reyinyon (yon « sesyon medyasyon » ant oumenm ak DOE, pou eksplike fason ou rezoud yon dezakò sou pwogram edikasyon espesyal pitit ou.
- **Akò pou rezolisyon:** Se yon akò legal ki fèt pandan yon reyinyon (yon « sesyon rezolisyon») ant oumenm ak DOE ki kapab fèt anvan yon odisyon san patipri. Akò a eksplike fason ou rezoud yon dezakò konsènan pwogram edikasyon espesyal pitit ou.

- **Desizyon sou odvans san patipri:** Lè oumenm ak DOE pa kapab dakò sou pwogram edikasyon espesyal pitit ou (epi nou pa kapab dakò nan yon sesyon medyasyon oswa rezolisyon), ou kapab prezante ka ou nan yon odisyon san patipri devan yon ofisye odyans k ap pran yon desizyon sou ki pwogram ak sèvis pitit ou gen dwa pou resevwa nan DOE. Se yon desizyon alekri ofisye odisyon an ap pran apre odisyon san patipri a.

ENTÈPRETASYON

Ou gen dwa pou jwenn yon entèprèt ki konpetan nan lang natif-natal ou nan sitiyasyon ki annapre yo :

- **Reyinyon pou IEP:** Yon reyinyon pou kreye pwogram edikasyon espesyal pou pitit ou, pou diskite sou li oswa pou revize li, epitou pwogram sa a rele Pwojè Edikasyon Endividyèl (IEP).
- **Revizyon CSE:** Yon reyinyon pou revize IEP pitit ou avèk CSE. CSE se pati DOE epi se li ki responsab edikasyon espesyal.
- **Sesyon Medyasyon:** Yon reyinyon ant oumenm, CSE oswa lekòl la, ak yon moun san patipri k ap eseye ede rezoud dezakò yo konsènan pwogram edikasyon espesyal pitit ou.
- **Sesyon rezolisyon:** Yon reyinyon ant oumenm ak CSE ki fèt anvan yon odyans san patipri kote w ap eseye dakò sou pwogram edikasyon espesyal pitit ou.
- **Odisyon san Patipri:** Yon odyans ki fèt lè oumenm ak CSE pa kapab dakò sou pwogram edikasyon espesyal pitit ou epi kote ka ou a prezante devan yon ofisye odyans san patipri, yon moun ki ajè tankou yon jij epi ki pran desizyon final sou ki pwogram ak sèvis pitit ou gen dwa resevwa.

DWA ADISYONÈL

Ou gen dwa pou resevwa dokiman tradui yo voye ba tout paran ki nan vil la. Dokiman sa yo kapab genyen ladan enfòmasyon sou fason pou enskri pitit ou, sou fason pou aplike pou yon lekòl ak fason pou chwazi yon lekòl, epitou fason yo evalye pèfòmans yon timoun nan lekòl la. Answit, ou ta dwe resevwa tou enfòmasyon ki tradui sou konduit, sekirite, ak disiplin pitit ou. Ou gen dwa tou pou jwenn yon entèprèt nan reyinyon onivo vil la, tankou Komite pou Reyinyon sou Règleman Edikasyonèl; reyinyon paran elèv k ap aprann lang Angle nan vil la; Reyinyon Konsèy Edikasyon kominotè/vil la; ak lòt reyinyon paran onivo vil la biwo santral yo òganize. Ou ta dwe resevwa tou sèvis entèprèt nan reyinyon Asosyasyon Pwofesè-Paran (PTA) ki fèt nan lekòl pitit ou.

PRAN DESIZYON!

Si lekòl pitit ou ap frekante pa ofri sèvis lang, ou kapab voye yon lèt nan lekòl la pou mande sèvis sa yo. Si ou genyen kesyon konsènan lèt la oswa fèy enfòmasyon sa a, tanpri kontakte New York Lawyers for the Public Interest nan (212) 244-4664 ou Advocates for Children of New York nan (212) 822-9521.

Si lekòl la oswa yon biwo DOE pa tradui dokiman ou mande yo, ou kapab pote plent nan Biwo Angajman ak Sipò Fanmi (OFEA) nan nimewo (212) 374-2323 oswa depi ou fakse yon kopi lèt ou nan biwo a nan nimewo (212) 374-0138.